

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu babdipedar ngeunaan sumber data, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, sarta téhnik jeung prosedur panalungtikan.

3.1 Sumber Data

Nurutkeun Alwasilah (Sugandi, 2007: 38), sumber data nu mangrupa dokumén jeung catetan-catetan séjén, dibutuhkeun pisan dina hiji panalungtikan. Ku ayana sumber data, masalah anu baris ditalungtik bisa dipikanyaho. Sumber data mangrupa subjékna panalungtikan (Arikunto, 1998: 114). Tina sumber data, dikumpulkeun sababaraha argumén pikeun mancegkeun hiji pamadegan.

Sumber data nu utama dina ieu panalungtikan nyaéta buku kumpulan carpon *Si Kabayan Tapa* karya Min Resmana. Éta buku diterbitkeun ku Rahmat Cijulang Bandung, citakan kaopat dina taun 1995. Kandalna 96 kaca, ukuran bukuna panjang 17 cm jeung lébarna 12 cm. Warna jilidna konéng, dina jilidna aya gambar anu ngalalakon Si Kabayan keur diuk sila di handapeun tangkal anu gedé, éta tangkal téh warnana héjo semu bulao.


Tina éta buku, data anu dikumpulkeun nyaéta wangun tékspaguneman dina unggal carpon *Si Kabayan Tapa* karya Min Resmana. Ku kituna, sumber data dina ieu panalungtikan mangrupa sampel total.

3.2 Desain Panalungtikan

Desain asalna tina basa Latin nyaéta *design* nyaéta *menggambarkan*; *designatio* nyaéta *susunan, penggambaran; rencana yang menunjukkan gambaran utama mengenai sesuatu yang akan dilakukan* (Komaruddin, 2007: 55). Unggal panalungtikan tangtu kudu direncanakeun. Ku kituna, diperlukeun desain panalungtikan.

Desain panalungtikan mangrupa rancangan atawa rencana ngeunaan cara ngumpulkeun, nganalisis data sangkan bisa dilaksanakeun sacara ékonomis jeung luyu kana tujuan panalungtikan (Nasution, 1982). Ieu panalungtikan kagolong kana panalungtikan kualitatif kalawan maké métode déskriptif. Ku kituna, léngkah-léngkahna diluyukeun kana ciri-ciri panalungtikan kualitatif. Nurutkeun Ali (1982: 121), léngkah-léngkah panalungtikan déskriptif sacara umum nyaéta: (1) milih masalah, (2) ngarumuskeun jeung nyieun watesan masalah, (3) nyieun asumsi, (4) ngarumuskeun hipotésis, (5) ngarumuskeun jeung milih téhnik ngumpulkeun data, (6) nangtukeun klasifikasi data, (7) nangtukeun téhnik ngumpulkeun data, (8) ngalaksanakeun panalungtikan, (9) nganalisis data, (10) nyieun kacindekan, (11) nyusun laporan panalungtikan.

Dina ieu panalungtikan, léngkah-léngkah dina ngalaksanakeun panalungtikan ti mimiti nepi ka ahir dijieun desain. Desain anu dijieun dina ieu panalungtikan, diadaptasi tina Arikunto (1998: 23). Éta desain bisa katitén dina bagan 3.1.



3.3 Métode Panalungtikan

Salasahiji cara pikeun ngahontal tujuan anu dipiharep dina hiji panalungtikan, nyaéta nangtukeun hiji métode. Métode mangrupa salasahiji cara, stratégi, tarékah

pikeun ngungkulan masalah anu nyampak dina hiji panalungtikan, sangkan hasilna luyu jeung anu dipiharep (Syamsuddin, 2007).

Ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif analitik. Nurutkeun Alwasilah (Sugandi, 2007: 36-37), métode déskriptif analitik nyaéta salasahiji métode anu aya dina panalungtikan kualitatif, ieu métode bisa dipaké pikeun ngungkulan masalah jeung ngaréngsékeun masalah ku cara ngadéskripsikeun fakta anu réalita, diantarana: ngumpulkeun data, nganalisis, ngabandingkeun/nyieun papasingan, maham, nganalisis jeung napsirkeun atawa nyurahan ma'na anu aya dina bahan panalungtikan.

Sakumaha anu geus dipedar saméméhna, dina tujuan ieu panalungtikan nyaéta ngadéskripsikeun wangun téksadegan paguneman dina kumpulan carpon *Si Kabayan Tapa* karya Min Resmana, nyieun papasingan tina prinsip jeung maksim anu nyampak dina tékspaguneman, jeung ngadéskripsikeun maksud omongan anu aya dina unggal tékspagunemanana. Ku kituna, métode déskriptif analitik dianggap luyu dina ngalaksanakeun ieu panalungtikan.

3.4 Wangenan Operasional

Pikeun nyingkahan ayana salah tapsir ti nu maca, perlu ayana wangenan operasional tina ieu judul panalungtikan. Ku kituna, ieu judul panalungtikandijéntrékeundinawangenanoperasionalieu di handap.

1) Prinsip paguneman

Prinsip paguneman nyaétadasar anu dijadikeun acuan dina polah pikir ngalakukeun paguneman sangkan eusi omongan anu ditepikeun ku panyatur ka pamiarsa dina hubungan komunikasi bisa kahontal kalawan lancar, jeung

bisa ngawangun omongan anu leuwih hadé tur merenah. Tarigan (1990: 79) nétélakeun, yén kagiatan nyarita jeung nulis mangrupa dua tindak basa anu kawengku dina widang rétorika, dumasar kana hal éta, rétorika kabagi jadi dua jenis, nyaéta rétorika tékstual jeung rétorika antarpribadi. Boh rétorika tékstual, boh rétorika antarpribadi, mikabutuh sababaraha prinsip sangkan jejer caritaan anu baris ditepikeun ku panyatur ka pamiarsa bisa kahontal. Éta prinsip-prinsip anu dibutuhkeun dina rétorika, asup ogé kana prinsip konvérsasi (paguneman).

2) Maksim Paguneman

Maksim paguneman nyaéta gayahiji ungkara anu digunakeun dina paguneman luyu jeung prinsipna. Dina maksim paguneman aya makud omongan anu nyoko kana lakuning basa luyu jeung kontéks situasina.

3) Paguneman

Paguneman mangrupa unit pangjembarna dina kagiatan makéna basa antara dua urang panyatur atawa leuwih, boh dina ragam lisan boh tinulis, ukuranana panjang, jeung waktuna lumangsung lila (Sudaryat, 2007: 285).

4) Kumpulan carpon

Anu dimaksud kumpulan carpon dina ieu panalungtikan nyaéta salasahiji sumber data utama anu dijadikeun bahan panalungtikan. Éta kumpulan carpon téh judulna *Si Kabayan Tapa* karya Min Resmana. Dina ieu kumpulan carpon aya tujuh judul carpon, nyaéta: *Ngajual Cau*, *Tumpak Oplét*, *Nyaba*, *Tapa*, *Impala Kenyed*, *Parasit*, jeung *Lalajo Maén Bal*.

Jadi, sacara operasional ieu panalungtikan anu judulna “Prinsip jeung Maksim Paguneman dina Kumpulan Carpon *Si Kabayan Tapa* karya Min Resmana” téh maksudna nyaéta, nalungtik jeung nyieun papasingan prinsip katut maksim paguneman anu aya dina kumpulan carpon *Si Kabayan Tapa* karya Min Resmana, sarta ngadéskripsikeun maksud nu aya dina maksim paguneman anu aya dina unggal carita kumpulan carpon *Si Kabayan Tapa*.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta, alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panyusun pikeun ngumpulkeun data, sangkan panyusun sacara sistematis bisa leuwih gampang ngolah data, ku ngaliwatanéta panyusun bisa ngahasilkeun panalungtikan anu hadé (Arikunto, 1998: 151).

Instrumén panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta mangrupa kartu data. Éta kartu data dijieun jadi sababaraha tipe, diantarana:

1) Tabél Data

Tabél data dina ieu panalungtikan dijieun sangkan wangun tékspaguneman anu aya dina kumpulan carpon *Si Kabayan Tapa*, bisa katitén saha palaku anu ngomongna. Dina cara ngumpulkeun ieu data, dipilampah ku cara nyalin jeung mindahkeun sakabéh téksadegan paguneman per judul carpon anu aya dina kumpulan carpon *Si Kabayan Tapa*. Tuluy unggal téksadegan paguneman anu geus kapanggih, dicirian ku angka Arab (1,2,3,...) minangka nomer data. Lian ti éta, tempat ayana éta tékspaguneman dicirian ku cara méré kode saperti C1/K11/J8 hartina, téksadegan paguneman anu geus

kapanggih aya dina carpon kahiji (C1), kaca sabelas (K11), jajaran ka dalapan (J8). Contona waé tabél ieu di handap:

Tabél3.1: Data TéksAdeganPaguneman

TÉKS ADEGAN PAGUNEMAN KA - I				
Judul Carpon: <i>Ngajual Cau</i>				
No. Data	Ngaran Palaku	TéksPaguneman	Omongan ka-	Kode Data
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	Tamu	<i>"Punten!"</i>	1	C1/K11/J8
2.	Kabayan	<i>"Mangga!... Ngaleueut geura!"</i>	2	C1/K11/J9&14
3.	Tamu	<i>"Nuhun, nuhun! Sanés, dupi ieu cau téh badé diical?"</i>	3	C1/K11/J15&18
4.	Jst.			

Katerangan:

- Judul Carpon : Judul carpon anu dijieunkeun adegan pagunemana
 No. Data : Nomer data paguneman
 Ngaran Palaku : Ngaran palaku anu ngomong dina adegan paguneman
 Téks Paguneman : Téksomongan anu dikedalkeun ku palaku dina unggal carita
 Omongan ka- : Omongan ka sabaraha anu dikedalkeun
 Kode data : Kode data paguneman
 C1 : Carpon ka-1
 K11 : Kaca 11
 J9&14 : Jajaran 9 jeung 14

2) Kartu Data

Kartu data digunakeun pikeun ngumpulkeun pola paguneman, jeung datapaguneman anu miboga maksud kana prinsip jeung maksim paguneman.

Wangun kartu data nu dipaké dina ieu panalungtikan bisa katitén ieu di handap:

Tabél 3.2: Kartu Data

KARTU DATA														
TéksPaguneman	P.G.B				P.Ks						Maksud Omongan			
	Kuan	Kual	Rél	Car	Kaw	Katum	Cog	Hasor	Bal	Kasim	Kom	Impos	Éksprés	Asért
Pa Lurah : “Eh ari kitu mah anjeun nu ni... Kabayan, kumaha jawaban manéh téh?”(C1/K14/J23)					√					√			√	
Kabayan : “Abdi mah ngajual cau ngora sanés cau kolot!”(C1/K14/J25)		√	√								√			
Tamu (2): “Saha jelemana nu daék jual-beuli sarupa kitu?”(C1/K14/J27)		√											√	
Kabayan : “Nya anjeun, nu ngahagal meulian cau ngora!”(C1/K15/J1)		√	√										√	
Jumlah		3	2		1					1	1		3	
Pola Adegan Paguneman : A → B → C → B														

Katerangan:

- P.G.B : Prinsip Gawé Bareng
 P.Ks : Prinsip Kasopanan
 Kuan : Maksim Kuantitas
 Kual : Maksim Kualitas
 Rél : Maksim Rélevansi
 Car : Maksim Cara
 Kaw : Maksim Kawijaksanaan
 Katum : Maksim Katumarima
 Cog : Maksim Pangcocog
 Hasor : Maksim Handap Asor
 Bal : Maksim Balabah
 Kasim : Maksim Kasimpatian
 Kom : Maksud Kalimah Komisif
 Impos : Maksud Kalimah Impositif
 Éksprés : Maksud Kalimah Éksprésif
 Asért : Maksud Kalimah Asértif

A→B→C→B: Pola adegan paguneman dumasar palaku (A= Pa Lurah, B= Kabayan, C= Tamu 2)

Anu dipidangkeun dina kartu data di luhur, nyaéta paguneman anu dicutat tina data paguneman. Tuluy, pagunemananu asup kana prinsip jeung maksim paguneman, jeung asup kana klasifikasi maksud omongan, dicirian ku cara méré tanda *check list*. Pamungkas, ditangtukeun adegan atawa pola pagunemanana dumasar kana palaku anu ngomong.

3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik panalungtikan anu digunakeundina ngumpulkeun data nyaéta téhnik studi dokuméntasi. Téhnik studi dokuméntasi dipaké pikeun néangan informasi jeung ngumpulkeun data anu mangrupa wangun tinulis saperti, buku, majalah, catetan, transkrip, jeung sajabana (Arikunto, 1998: 149). Dina ieu panalungtikan, téhnik studi dokuméntasi dipaké pikeun ngumpulkeun data paguneman jeung néangan informasi, sangkan data paguneman anu geus kapanggih ngaliwatan kartu data bisa leuwih diulik jeung diteuleuman.

Moleong (2008: 234-235) nétélakeun, yén “*dalam proses pengumpulan data, dilaksanakan dengan jalan membuat kode dan mengkategorisasikan data.*” Ku kituna, dumasar kana téhnik dina ngumpulkeun data, nyieun kode, jeung ngajieun papasingan data, di antarana ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap:

- 1) Néangan jeung milih masalah anu nyampak dina wangun téks wacana basa Sunda, hususna dina widang sastra, boh kumpulan carpon, novel, atawa sajak.
- 2) Nangtukeun hiji masalah anu bisa ditalungtik tina téks wacana basa Sunda, pikeun dijadikeun bahan panalungtikan.

- 3) Studi kasus kana data anu bakal dijadikeun bahan ulikan dina panalungtikan.
(Naha kungsi aya nu nalungtik? Naha panalungtikan anu baris ditalungtik aya kajian pustakana? Naha kajian pustakana bisa nohonan kana panalungtikan?)
- 4) Ngabandingkeun panalungtikan anu baris ditalungtik jeung nu kungsi ditalungtik saméméhna.
- 5) Ngarumuskeun watesan jeung rumusan masalah, katut tatapakan tiori anu bakal jadi acuan dasar dina panalungtikan anu baris dilaksanakeun.
- 6) Néangan informasi pikeun meunangkeun sababaraha dasar tiori.
- 7) Nangtukeun palaku dina unggal paguneman anu aya dina kumpulan carpon *Si Kabayan Tapa* karya Min Resmana.
- 8) Nyalin sakabéh téksomongan nu mangrupa paguneman dina kumpulan carpon *Si Kabayan Tapa* karya Min Resmana, ku cara nambahan palaku anu ngomong dinatéscaritana.
- 9) Nyalin sakabéh téksadegan paguneman kana kartu data.
- 10) Nyieun pola paguneman tina tékspagunemananuayadinaunggal carita kumpulan carpon *Si Kabayan Tapa* karya Min Resmana.
- 11) Nyiriantéks omongan nu mangrupa paguneman, kana maksim nu aya dina unggal prinsip paguneman.
- 12) Nyirian maksud téksomongan dumasar eusiomonganana.
- 13) Nyusun téksomongan nu mangrupa paguneman, kana unggal maksim dumasar prinsip paguneman jeung maksud omongan sacara alfabétis.

- 14) Ngitung sakabéh jumlah tékspaguneman anu aya dina kumpulan carpon *Si Kabayan Tapa* karya Min Resmana, jeung ngitung jumlah tina papasingan data dumasar kana maksim nu aya dina unggal prinsip paguneman.

3.7 Téhnik Ngolah Data

Dina téhnik ngolah data, data anu geus dikumpulkeun dianalisis pikeun dipilah jeung dipilih dumasar kana tujuan panalungtikan anu geus ditangtukeun saméméhna. Ku kituna, dina prosés ngolah data salasahiji pancénna nyaéta nganalisis data.

Nurutkeun Bogdan jeung Biklen (Syamsuddin, 2007: 110):

“Analisis data merupakan proses pelacakan dan pengaturan secara sistematis mengenai transkrip wawancara, catatan lapangan dan bahan-bahan lain yang dikumpulkan untuk meningkatkan pemahaman terhadap bahan tersebut, agar dapat dipresentasikan semuanya kepada orang lain.”

Dina ieu panalungtikan, analisis data digunakeun pikeun medar perkara téksadegan paguneman anu kapanggih dina kumpulan carpon *Si Kabayan Tapa* karya Min Resmana. Sanggeus kapanggih adeganana, tuluy dianalisis jeung dipasing-pasing kana jenis-jenis prinsip jeung maksim paguneman. Pamungkas, dipaluruhmaksud unggal omongan nu aya dina tékspaguneman.

Ditilik tina téhnik ngolah data, kagiatan panalungtikan dipaké pikeun nganalisis jeung milah-milih data. Dina prosés ngolah data dilaksanakeun ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap:

- 1) Mariksaan deui datatéks paguneman anu geus dicirian.
- 2) Maluruh, nganalisis, jeung napsirkeun data luyu kana tujuan panalungtikan.
- 3) Milah jeung milih data anu geus ditangtukeunkana tujuan panalungtikan.

- 4) Nyieun papasingan kana adegan paguneman dumasar wangun adegan paguneman anu geus kapanggih.
- 5) Nyieun papasingan data tékspaguneman (tabél),dumasar kana maksim nu aya dina unggal prinsip paguneman.
- 6) Ngitung jumlah jeung perséntase papasingan tékspaguneman dina unggal maksim.
- 7) Ngitung jumlah jeung perséntase data tékspaguneman dumasar prinsip paguneman, nyaéta prinsip gawé bareng jeung prinsip kasopanan.
- 8) Ngitung jumlah jeung perséntase data tékspaguneman dumasar maksud omongan.
- 9) Mariksaan deui sakabéh data anu geus dianalisis jeung didéskripsikeun.
- 10) Nyieun kacindekan tina hasil anu geus dianalisis.